

LEARNING HEROES

PARE POU TRAVAY ANN EKIP:

5 Ide pou yon bon ane lekòl



Paran ak pwofesè dakò ke nou bezwen travay ann ekip avèk konfyans youn nan lòt.
Ann bati relasyon an ansanm.

1 Konnen yo bezwen vwa w.

Paran yo vle laverite ak bon jan ransèyman sou fason ptit yo ap pwogrese. Pataje sa ou remake sou aprantisaj yo epi ou pa bezwen pè poze kesyon (menmsi ou dwe poze kesyon plizyè fwa). Fè pwofesè ptit ou a konnen pi bon fason pou l kontakte w epi fikse yon plan pou w an kontak regilye pandan tout ane a, pa sèlman nan konferans.



3 Travay ansanm sou yon plan senp.

Elèv yo pran egzamen 'referans' nan kòmansman ane a pou ede pwofesè yo konnen ki kote yo bezwen sipò. Mande kòman yo pral mezire konpetans nivo klas ptit ou a, kòman li gen enpak sou fason yo anseye nan salklas la ak kisa ou ka fè lakay ou. Kreye yon plan ak pwofesè a ki konsantre sou konpetans kle yo epi ogmante tan aprantisaj lakay ou ak nan lekòl la.



5 Sonje byen, ou se yon ewo nan aprantisaj!

Ou te jwe wòl modèl fòs enkwayab pou ptit ou a pandan de ane ki pase yo. Mande lòt paran lide sou aprantisaj lakay epi pataje sa ki te mache pou ou avèk yo. Konekte an fanmi lè w li sou sijè ki enterese ptit ou a. Jwenn matematik nan lavi chak jou. Pran swen tèt ou epi selebre siksè fanmi ou.

Ale sou BeaLearningHero.org pou jwenn zouti gratis epi ki fasil pou itilize pou ede nan matematik, lekti, ak ladrès lavi.



2 Tcheke pwogrè w ap fè

Kòmansman ane a se yon kombinezon revizyon ak nouvo materyèl. Li enpòtan pou konnen si ptit ou a te aprann ladrès kle matematik ak lekti ki nesesè pou l reyisi nan nouvo klas li a. Itilize Lis bagay pou konnen si w pare a (Readiness Check) pou tcheke sa epi konekte avèk videyo ak aktivite pou ranfòse konpetans sa yo lakay ou.



4 Chèche konprann kijan ptit ou a santi l.

Ladrès lavi ou ankoraje lakay ou, tankou rezoud pwoblèm, travay di, ak konfyans nan tèt ou, ap ede ptit ou a simonte moman difisil. Mande ptit ou a kòman li wè pwòp tèt li, amitye li genyen ak mond ki antoure li. Jwenn èd sou entènèt ak nan kominate w la lè w bezwen.